

MODEL PANGAJARAN MACA BASA SUNDA

ku: Usep Kuswari *)

A. Bubuka

Model pangajaran teh mangrupa rarancang atawa pola nu digunakeun pikeun mekarkeun kagiatan diajar-ngajar di kelas. Model pembelajaran anu kiwari nu kudu dilaksanakeun nya eta model pembelajaran *Contextual Teaching Learning (CTL)*, nu dijerona ngawengku proses diajar nu museur ka diri murid. Numutkeun Lee (1999) pembelajaran nu kontekstual nya eta mekelan murid ku rupa-rupa pangaweruh, sikep, jeung kaparigelan secara *fleksibel* tur bisa dilarapkeun (*ditransfer*) ti hiji pasualan ka pasualan sejenna atawa ti hiji konteks ka konteks sejenna. Ku sabab kitu, pembelajaran kontekstual miboga prinsip-prinsip saperti, konsstruktivisme dumasar kana pangaweruh (*Knowledge-Based Constructivism*), pembelajaran dumasar kana usaha/tiori pikeun numuwuhkeun pinter (*Effort-Based Learning/Incremental Theory of Intelligence*), sosialisasi (*socialization*), pembelajaran situasi (*Situated-Learning*), pembelajaran distribusi (*Distributed Learning*). Di sagedengeun eta, aya sababaraha hal nu perlu diperhatikeun dina pembelajaran kontekstual, nya eta diajar kudu dumasar kana masalah (*problem-based-learning*), pembelajaran autentik (*authentic-instruction*), diajar kudu dumasar kana inquiru (*inquiry-based-learning*), diajar kudu dumasar kana papancen (*project-based-learning*), diajar kudu dumasar kana gawe (*work-based-learning*), diajar kudu dumasar kana jasa-layanan (*service learning*); jeung diajar kooperatif (*cooperative learning*) (tingali Moffitt, 2001, smith, 2001, McPherson, 2001, jeung Holubec, 2001).

Center for Occupational Research and Development (CORD) ngusulkeun lima lengkah pembelajaran kontekstual, nya eta disingget REACT,

R (*Relating*): proses diajar kudu dipatalikeun jeung konteks pangalaman kahirupan anu nyata.

E (*Experiencing*): proses diajar kudu ngutamakeun kagiatan neuleuman atawa maluruh (*eksplorasi*), nimukeun (*discovery*), jeung nyiptakeun (*invention*).

A (*Applying*): proses dijar kudu bisa dipresentasikeun dina konteks mangpaatna.

C (*Cooperating*): proses diajar kudu ngaliwatan konteks komunikasi interpersonal jeung babarengan (*kebersamaan*).

T (*Transferring*): proses diajar kudu ditungtungan dilarapkeunana eta pangaweruh, sikep, jeung kaparigelan dina kaayaan atawa konteks nu anyar.

B. Ambahan Bahan Pembelajaran Basa Sunda

Bahan ajar mangrupa salah sahiji komponen pembelajaran anu kawilang penting dina nangtukeun komponen-komponen pembelajaran lianna, seperti tujuan, metode jeung teknik, sarta evaluasi.

Pikeun ngahontal hasil kompetensi *berbahasa* Sunda, bahan pembelajaran basa Sunda kudu disusun dumasar kana (a) prinsip-prinsip nu tangtu, (b) ka mana tujuanana, sarta (c) kumaha ambahanana.

Prinsip-prinsip dasar anu kudu diperhatikeun dina mekarkeun bahan pembelajaran basa Sunda, nya eta saperti di handap.

(a) Prinsip spiral:

- ti nu babari ka nu hese,
- ti nu basajan ka nu ruwet,
- ti nu heureut ka nu lega,
- ti nu deukeut ka nu jauh,
- ti nu konkret ka nu abstrak,
- ti nu dipikanyaho ka nu teu dipikanyaho,
- tina basa wewengkon kana basa lulugu,

(b) Prinsip tematis:

- bahan ajar disusun dumasar kana tema anu tangtu,
- aspek bahan ajar dipidangkeun secara gembleng,
- rupaning aspek bahan ajar dipidangkeun dina hiji kagiatan mkena basa,
- bahan ajar sipatna fleksibel,
- bahan ajar dimekarkeun luyu jeung kabutuh jeung minat siswa,
- bahan ajar ngutamakeun kompetensi dasar nu rek dihontal tina, sarta
- tema jeung bahan ajar diluyukeun jeung alokasi waktu nu aya.

(c) bahan ajar diluyukeun jeung prinsip komunikasi mkena basa:

Opat kaparigelan basa, ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

(d) bahan ajar disusun secara awor (*integrative*):

maca – sawala – nulis
maca(keun) – ngaregepkeun- sawala
maca(keun) – ngaregepkeun – nulis
ngaregepkeun – sawala – nulis
ngaregepkeun – nulis – sawala
nyarita – ngaregepkeun – nulis

(e) Ambahan bahan ajar basa

Ambahan bahan ajar basa Sunda museur kana dua hal, nya eta kompetensi *berbahasa* jeung *bersastra* sarta konsep basa jeung sastra Sunda.

Bahan ajar maca: maca intensif, maca jero hate (*maca lanjut*), maca gancang, maca kritis, maca endah, jeung maca basa. Pamarekan milih bacaan dumasar kana *genre* bacaan/karanga atawa sipat bacaan.

Bahan ajar nulis jeung ngarang: wandana, karangan prosa jeung puisi; wangunna: ekposisi, argumentasi, narasi, deskripsi, jeung drama. Ambahan bahan ajar nulis ngawengku:

- nyalin atawa nuliskeun deui,
- nyadur jeung narjamahkeun,
- ningkes jeung ngalaporkeun
- nyusun daftar pananya, wawancara, atawa angket,
- nyusun surat,

- nyusun pedaran atawa artikel,
- nulis pangalaman pribadi
- nulis naskah pidato
- nulis ngararancang kagiatan
- nulis memo
- ngarang sastra prosa, puisi, jeung drama.

Bahan ajar nyarita:

Dina prak-prakanana pembelajaran nyarita diwengku ku genep aspek pragmatis, nya eta (a) sosialisasi, (b) intelektual, (c) emosional, (d) informasi factual, (e) moral, jeung (f) ngarengsekeun masalah. Lingkup bahan ajar nyarita ngawengku

- nanya, ngulem, nampa, nyuguhan
- muji, ngawilujengkeun, ngalem, ngarayu, jeung ngagoda
- nyela, motong caritaan
- neneda, menta, miharep
- mungkir, ngabohong, nitenan kasalahan
- negor, nyawad, ngutruk, ngajejeleh
- ngahina, ngeritik, ngancam
- ngangluh, ngadoni
- nuduh, mondah (*menyangkal*), sulaya
- nyaluyuan, nolak, ngabantah, ngadebat
- ngayakinkeun, meredih, mangaruhan, ngeceskeun, mapatahan, nyebutkeun
- ngalaporkeun, ngajen, nganiley, ngomentaran
- marentah, mesen, menta, nungtut
- tumanya, mariksa, nalungtik
- mikarunya, ngiring sungkawa
- neda sihapunten jeung ngahapunten.
- *nyaritakeun deui*
- *ngadongeng, cacarita*
- *biantara*
- *gunem-catur*
- *wawancara*
- *tanya jawab*
- *barempug*

Bahan ajar ngaregepkeun:

- bandung-kuping
- ngaregepkeun warta radio atawa TV
- ngaregepkeun dikte
- ngaregepkeun maca teks non-fiksi
- ngaregepkeun maca wangun lancaram
- ngaregepkeun maca surat
- lalajo pintonan drama

C. Model-Model Pangajaran Basa Sunda

1. Model Pangajaran Maca

Model pangajaran maca kacida lobana, ti mimiti pangajaran maca konvensional nepi ka pangajaran nu inovatif. Model-model pangajaran maca nu anyar, di antarana *Directed Reading Activity (DRA)*, *Directed Reading-Thinking Activity (DR-TA)*, *Reading Workshop (RW)*, *Group Mappy Activity (GMA)*, dan *Vocabulary Self-Collection Strategy (VSS)*. Dina ieu kasempetan rek diwanohkeun model pangajaran maca DRA jeung DR-TA..

a. Model Pangajaran Maca make DRA

Model pangajaran maca basa Sunda ngagunakeun DRA ngawengku lima tahapan, nya eta ngararancang atawa persiapan, maca dina jero hate (ngilo), neuleuman atawa meunteun pamahaman nu maca ngaliwatan sawala, maca bedas (*oral reading*), kgiatan *lanjutan*.

Ngararancang atawa persiapan

Dina ngararancang atawa persiapan ieu ngawengku opat lengkah, nya eta (a) mekarkeun konsep kasang tukang (*prior knowledge*) murid jeung jejer nu rek dibaca, (b) ngahudang minat maca ku ngamangpaatkeun kasang tukang panmgweruh murid jeung ngabibita ku rupa-rupa bacaan nu matak panasaran murid, (c) ngawanohkeun kecap atawa istilah anyar dina eta bacaan ku cara ngagunakeun kamus, satuluyna nangtukeun tujuan maca.

Maca Jero Hate (Ngilo)

Lengkah kadua, murid maca dina jero hate kalayan diaping ku guru, murid nyusun jeung nepikeun rupa-rupa pertanyaan bacaan, neangan isarat-isarat (*clues*) nu hese, saperti maluruh kekecapan nu mindeng dipake dina eta bacaan, neangan kecap atawa istilah anyar jeung hartina, maluruh pola-pola ejahan jeung wangun kecap, neangan kecap nu saharti (sinonim) jeung sabalikna (antonym), sarta nganalisis adegan kalimah pikeun ngagampangkeun pamahaman kana eusi bacaan.

Neuleuman jeung Meunteun Pamahaman Ngaliwatan Sawala

Dina tahapan ieu dilakukeun dua kgiatan, nya eta sawala jeung tanya jawab. Sawala dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh murid dina maca pamahaman; sedengkeun tanya jawab pikeun ngahudang murid nu kurang atawa teu aktif.

Maca Bedas (Oral Reading)

Maca bedas penting dilaksanakeun pikeun ngaronjatkeun pangweruh murid ngeunaan sora, lambang sora, jeung kecap (*word recognition*). Kgiatan maca bedas ngutamakeun maca kalimat atawa paragraph, ngalafalkeun randegan jeung lentong nu luyu jeung tanda baca, ngalafalkeun pasangan minimal (pikeun ngabedakeun sora basa). Satuluyna guru kudu ngararancang kgiatan maca nu satuluyna sangkan jadi pamaca nu mandiri (*independent reader*).

Kagiatan Lanjutan

Kagiatan *lanjutan* nya eta ngalaksanakeun kgiatan maca ekstensif, ngabrehkeun pangalaman tina hasil maca (*sharing*), jeung kudu mere kabebasan ka murid pikeun kreatif.

b. Model Pangajaran Maca make DR-TA

Deskripsi

Pamarekan DR-TA dina enas-enasna mah disusun pikeun pengajaran maca sacara kolompok. Ieu pamarekan teh mangrupa salah sahiji model pangajaran maca nu udaganana pikeun ngaronjatkeun proses mikir murid nu luhur. Lian ti eta, model DR-TA salah sahiji model nu efektif pikeun ningkatkeun pamahaman jeung ngasah cara ngebrehkeun pamanggihna di antara murid. Prediksi individu jeung kolompok ngeunaan eusi bacaan dimekarkeun ku jalan mernahkeun kasang tukang individu jeung informasi nu ditepikeun dina eta bacaan. Pamarekan DR-TA miharep guru sangkan nyiptakeun suasana atawa lingkungan diajar nu ngarojong murid sangkan mikir nu leuwih luhur. Dinamika kolompok bakal ngahudang murid dina ngebrehkeun prediksi-prediksi eusi bacaan.

Tujuan DR-TA

Ieu pamarekan DR-TA teh tujuanana pikeun mekarkeun kamampuh maca sacara kritis jeung reflektif. Sacara rinci tujuan DR-TA nya eta ningkatkeun (1) kamampuh murid dina nangtukeun tujuan maca; (2) kamampuh pikeun paham jeung nyaluyukeun informasi; (3) kamampuh pikeun neuleuman bahan bacaan dumasar kana tujuanana; (4) kamampuh pikeun nunda pamanggih pribadi; sarta (5) kamampuh pikeun nyieun putusan dumasar kana bahan nu geus kacangking tina hasil maca.

Rasional

Russell Stauffer (dina Tierney et.al., 1995) mekarkeun DR-TA pikeun nyiptakeun kondisi sangkan nu murid mampuh mikir, diajar, jeung meunteun. Ieu pamadegan teh didasaran jeung diasumsikeun yakin yen maca nya eta proses mikir nu ngalibetkeun nu maca dina ngagunakeun pangalamanana pikeun ngawangun (ngarekonstruksi) gagasan-gagasanna. Rekonstruksina dimimitian tina nyieun hipotesis ngeunaan kahangham jeung kahayang nu maca, sarta dipungkas ku cara meunangkeun informasi sarta ngabuktikeun eta hipotesis.

Prosedur DR-TA

Prosedur DR-TA aya dua siklus, nya eta siklus proses jeung siklus produk. Siklus proses ngalibetkeun nu maca dina netepkeun tujuan maca, nyaluyukeun tahap hese-babarina bahan bacaan jeung tujuan maca, ngalaksanakeun maca pikeun mastikeun tujuan maca, reureuh heula pikeun ngaevaluasi pamahaman, satulunya ngalaksanakeun maca pikeun ngahontal tujuan nu sarua atawa tujuan nu beda. Produk DR-TA ny aeta mekarna jeung ngomean atawa nyampurnakeun pamadegan (gagasan) jeung pikiran nu maca.

Mekarkeun Pamahaman jeung Proses Mikir dina DR-TA

Sakumaha nu geus dijentrekeun tadi, yen tujuan umum DR-TA nya eta pikeun mekarkeun kamampug maca pemahaman sacara kritis jeung reffeltif. Ieu kamampuh teh ngawadahan murid dina nyiptakeun, nafsirkeun, ngalarapkeun, jeung ngarobah harti secara efektif ngaliwatan proses mikir nu luhur. Dina hal ieu, proses mikir bisa dimekarkeun ngaliwatan DR-TA nu ngawengku opat tingkat saperti ieu di handap.

MODEL READING WORKSHOP

- Model “Reading Workshop” salah sahiji model pangajaran maca nu ngagunakeun pamarekan proses sangkan siswa jadi pamaca nu efektif dan aktif.
- Zemelman et.al (1993, 25 -30) asumsi pamarekan *Reading Workshop*:
 - 1) Maca nya eta pikeun meunangkeun harti tina bacaan: transaksi antara kekecapan nmu ditulis ku nu nulis jeung pikiran pamaca.
 - 2) Membaca nya eta proses ngawangun harti (*makna*): Maca mangrupa aktivitas mikir tingkatan nu luhur (*high level thinking*), *aktif*, *konstruktif* jeung *kreatif* nu ngalibetkeun strategi kognitif.
 - 3) Pangajaran maca kudu mere kasempetan atawa waktu nu loba pikeun pamaca ngayakeun interaksi jeung bacaan.
 - 4) Maca mangrupa cara nu panghadena pikeu diajar maca.
 - 5) Program pangajaran maca nu efektif kudu ngawanohkeun siswa kana rupa-rupa warna bacaan.
 - 6) Guru kudu jadi model membaca;
 - 7) Guru maca nu efektif nya eta nu bias mantuan murid dina proses maca mangrupa pakakas diajar.
 - 8) Maca teh proses psikolinguistik jeung proses individual (Otto et.al., 1979: 19).
- **Prosedur Model Pangajaran *Reading Workshop***
 - 1) *Reading aloud* (maca bedas), boh ku guru boh ku murid.
 - 2) *Individualized/silent reading* (maca individual kalayan mere kalaluasaan ka murid pikeun milih bacaan/buku).
 - 3) *Shared reading* (meaca babarengan pikeun *sharing* pangaweruh jeung informasi ngeunaan bacaan).
 - 4) *Summarizing* (ngarangkum secara tinulis naon-naon nu geus dibaca).
 - 5) *Guided reading* (maca *terbimbing* sangkan murid jadi pamaca nu efektif).
 - 6) *Conference* (diskusi antara guru jeung murid, murid jeung murid ngeunaan eusi bacaan).

Model *Vocabulary Self-Collection Strategy* (VSS)

- Tujuan VSS pikeun ngaronjatkeun kaweruh jeung kamaherab kabeunharan kecap.
- Strategi VSS miboga dua karakteristik
 - (1) mokus kana kekecapan atawa istilah-istilah nu penting tur perlu dipikanyaho ku murid.
 - 2) ngarojong murid pikeun jadi *pembelajar kata yang mandiri*.
- Prosedur model VSS
 - 1) Sabada maca atawa nulis bacaan, murid sacara kolompok ngaidentifikasi kecap atawa istilah nu rek dibahas.
 - 2) Murid dipiharep bias ngajelaskeun eta kecap tuluy baca sing bedas pikeun nebak harti kecapna.
 - 3) Guru ngaping diskusi ngeunaan harti jeung alesan eta kecap diasupkeun kana daftar kecap.
 - 4) Guru milih kecap atawa istilah nu perlu ditambahkeun kana daftar kecap tea.

- 5) Lamun kecap atawa istilahna loba teuing, eta daftar kosakecap teh kudu diheureutan atawa diwatesanan kayalan menta kasaluyuan murid.
- 6) Murid kudu nulis eta daftar kecap atawa istilah kana jurnal kosakecap atawa catetan murid.
- 7) Guru ngararancang jeung mekarkeun kagiatan sejenna pikeun nerangkeun korfus kecap atawa istilah tea.
- 8) Murid perlu dibere waktu nu loba pikeun ngarengsekeun kagiatan lanjutan.
- 9) Milih kosakecap kudu didadasaram ku proses meunteun nu cocog.

Daftar Bacaan

- Depdiknas. 2003. *Manajemen Peningkatan Mutu Berbasis Sekolah: Pembelajaran Kontekstual*. Jakarta: Direktorat Jenderal pendidikan Dasar dan Menengah Direktorat SLTP.
- Dinas Pendidikan . 2004. *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda (Draft Akhir)*. Jawa Barat: Kasi Kurikulum.
- Dave Meier .2000. *The Accelerated Learning Hand Book*. MC Graw Hill: New York.
- Prawirasumantri, Abud. Spk.2003. *Pedoman Kurikulum Berorientasi Kompetensi Bahasa Daerah (Sunda) untuk SD*. Bandung; CV Geger Sunten.
- Suderadjat, Hari. 2003. *Pendidikan Berbasis Luas (BE) yang Berorientasi pada Kecakapan Hidup (Life Skill)*. Bandung: CV Cipta Cekas Grafika.

